

# VAKSEN A-VIRIS INAKTIVE KONT GRIP

S A W D W E K O N N E N

2009-10

Gen anpil rapò sou enfòmasyon vaksen ki disponib nan lang panyòl ak nan lòt lang. Ale sou sit entènèt la nan [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis).

## 1 Poukisa pou w pran vaksen ?

**Grip (« flu, nan lang angle ») se yon maladi kontajye.**

Se viris grip ki lakoz li, e li ka pase de yon moun a yon lòt lè moun touse, lè yo etènye oswa lè nen yo koule.

Gen lòt maladi ki ka prezante menm sentòm yo e byen souvan moun konn fè erè e yo konn panse maladi sa yo se grip. Men se sèl yon maladi ke viris grip la koze ki se bon jan grip la.

Nenpòt moun ka trape grip, men se plis timoun ki enfekte. Pou pifò moun, li dire sèlman kèlke jou.

Li ka koze:

- lafyèv
- malgòj
- moun santi yo frèt (frison)
- tous
- maltèt
- doule nan misk
- fatig

Gen sèten moun, tankou timoun piti, granmoun aje, ak moun ki gen kèk pwoblèm sante, ki ka vin pi malad. Grip ka koze gwo lafyèv ak nemoni, e li ka fè kondisyon medikal ki la deja yo vin pi grav. Li ka bay timoun dyare ak kriz malkadi. Gen anviwon 226,000 moun ki entène lopital chak ane poutèt yo trape grip ak 36,000 ki mouri – pifò ladan yo se granmoun aje.

**Vaksen kont grip la ka anpeche grip la mete pye.**

## 2 Vaksen a-viris inaktive kont grip

Gen de kalite vaksen kont grip sezonye:

1. Vaksen a-viris **inaktive** (yo touye), oswa « vaksen kont grip (*flou shòt, nan lang angle*) » administre pa enjeksyon nan misk. 2. Vaksen a-viris **vivan atenye** (ki febli) administre pa espres nan nen yo. *W ap jwenn enfòmasyon sou deskripsyon vaksen sa a nan yon Rapò sou Enfòmasyon Vaksen apa.*

Yo fòmile vaksen grip « sezonye » sa yo pou anpeche grip la mete pye chak ane. Yo pa pwoteje kont grip pandemik H1N1.

Viris grip toujou ap chanje. Akozdesa chak ane, yo modifiye vaksen grip yo, e li rekòmande pou moun pran vaksen chak ane.

Chak ane syantis yo eseye konpare viris ki nan vaksen an ak sa ki gen plis chans pou yo koze grip pandan ane sa a. Lè gen yon viris ki pi matche viris ki nan vaksen an, vaksen an pwoteje majorite moun kont maladi grav ki gen rapò ak grip. Men, menm lè pagen yon ki preske menm, vaksen an bay kèk pwoteksyon kanmèm. Vaksen kont grip *pap* anpeche maladi « ki sanble grip » e ke lòt viris koze, mete pye.

Li pran jiska 2 semenn pou moun nan pwoteje kont viris la apre li pran piki a. Pwoteksyon an dire jiska ennan.

Gen kèk vaksen a-viris inaktive kont grip ki gen yon ajan konsèvasyon ladan yo ki rele timerozal. Gen kèk moun ki sigjere ke timerozal ka asosye ak pwoblèm devlopman kay timoun. An 2004, Enstiti Medsin la te revwa plizyè etid ki te fè rechèch sou teyori sa a e yo te konkli pagen okenn evidans ki pwouve ke jande rapò sa a egziste. Gen vaksen kont grip ki pagen timerozal ladan l ki disponib.

Inactivated Influenza Vaccine - Haitian Creole (8/11/09)

## 3 Kilès moun ki dwe pran vaksen a-viris inaktive kont grip la ?

*Nenpòt moun ki vle diminye chans pou l malad ak grip la oswa ki vle diminye chans pou l pase grip la bay lòt moun.*

*Tout timoun ki gen 6 mwa oswa ki pi gran ak tout granmoun ki pi gran:*

- Tout timoun ki gen ant 6 mwa a 18 an daj.
- Tout moun ki gen 50 an oswa ki pi gran.

*Nenpòt moun ki gen chans pou devlope konplikasyon apati-de grip la, oswa nenpòt moun ki gen plis chans pou bezwen swen medikal:*

- Fanm kap ansent pandan sezon grip la.
- Nenpòt moun ki gen **pwoblèm sante alontèm**, tankou:
  - maladi kè
  - maladi ren
  - maladi fwa
  - maladi poumon
  - maladi metabolik, tankou dyabèt (moun ki fè sik)
  - opresyon
  - anemi, ak lòt twoub nan san
- Nenpòt moun ki gen yon **sistèm iminitè ki fèb** akozde:
  - VIH/SIDA oswa lòt maladi ki afekte sistèm iminitè
  - tretman alontèm avèk medikaman tankou estewoyid
  - tretman pou kansè ki itilize reyoni-iks oswa medikaman
- Nenpòt moun ki gen **pwoblèm nan misk oswa pwoblèm nè** (tankou maladi malkadi oswa maladi paralezi sèvo) ki ka bay pwoblèm nan respirasyon oswa pwoblèm pou vale.
- Nenpòt moun ki gen ant 6 mwa ak 18 an kap suiv **tretman aspirin alontèm** (yo ka devlope Sendwòm Reye si yo trape grip la)
- **Moun ki nan mezon retrèt** ak nan lòt etablisman ki trete maladi kwonik.

*Nenpòt moun ki abite avèk oswa ki okipe moun ki gen plis chans pou yo gen konplikasyon ki gen rapò ak grip:*

- **Moun ki bay swen sante.**
- **Moun ki nan kay ak moun kap okipe timoun** ki fèk fèt ak sa ki gen jiska 5 an.
- **Moun ki nan kay ak moun kap okipe**
  - moun ki gen 50 an oswa ki pi gran, oswa
  - nenpòt moun ki gen pwoblèm medikal ki mete yo plis andanje pou yo gen konplikasyon grav akozde grip la.

Moun kap bay swen medikal yo ka rekòmande tou pou moun sa yo pran vaksen kont grip chak ane:

- Moun ki bay **sèvis kominotè ki nesèsè.**
- Moun ki rete nan **dòtwa, nan etablisman penitansyè (prizon)**, oswa **moun kap viv nan kondisyon kote gen anpil moun**, pou anpeche epidemi.
- Moun ki gen plis chans pou yo gen konplikasyon akozde grip la ki **vwayaje** nan emisfè disid la ant avril ak septanm, oswa ki vwayaje nan twopik yo oswa vwayaje ak gwoup touris òganize a nenpòt lè.

**4****Kilè mwen dwe pran vaksen kont grip la ?**

Ou ka pran vaksen an osito li disponib, anjeneral, li disponib pandan sezon otòn, toutotan moun ap malad nan kominote w la. Grip ka prezante nenpòt lè apatide mwa novanm jouk rive mwadme, men anjeneral plis moun trape l an janvyè oswa an fevriye. Si w pran vaksen nan mwa desanm oswa menm apre sa, ou ka kanmèm benefisye pandan pifò nan ane yo.

Pifò moun bezwen yon dòz vaksen kont grip chak ane. **Ti-moun ki gen mwenske 9 an e kap pran vaksen kont grip la pou premye fwa** – oswa ki te pran vaksen kont grip la pou premye fwa sezon anvan an men ki te pran yon dòz sèlman - dwe pran 2 dòz, omwen nan yon entèval 4 semenn, pou yo sa gen bon jan pwoteksyon.

Yo ka administre vaksen kont grip la anmenmtan ak lòt vaksen, menm vaksen nemokoksik.

**5****Gen sèten moun ki dwe pale ak yon doktè anvan yo pran vaksen kont grip la**

Gen sèten moun ki pa dwe pran vaksen a-viris inaktive kont grip la oswa yo dwe tann anvan yo pran l.

- Fè doktè w la konn sa si w gen nenpòt alèji ki **grav** (ki mete lavi w andanje). Reyaksyon alèjik a vaksen grip la rive raman.
  - Viris vaksen kont grip la devlope nan ze. Moun ki gen alèji grav a ze pa dwe pran vaksen an.
  - Moun ki fè alèji grav a nenpòt konpozant vaksen, pa dwe pran vaksen sa a nonplis.
  - Si w te janm genyen yon reyaksyon grav apre yon dòz vaksen kont grip ke w te pran anvan, fè doktè w la konn sa.
- Fè doktè w la konnen si w te janm genyen sendwòm Guillain-Barré (yon maladi ki koze paralezi ki grav, ke yo rele tou GBS). Ou ka anmezi pou pran vaksen an, men se pou doktè w la ede w pran desizyon sa a.
- Moun ki malad grav oswa ki malad konsa-konsa dwe tann jiskaske yo refè anvan pou yo pran vaksen kont grip la. Si w malad, pale ak doktè w la oswa enfimyè a pou konnen si w ta dwe pran yon lòt randevou pou pran vaksen an. Anjeneral, moun ki gen maladi ki pa grav ka pran vaksen an.

**6****Ki risk ki genyen lè moun pran vaksen a-viris inaktive kont grip la ?**

Yon vaksen, menm jan ak nenpòt medikaman, gen posibilite pou l koze pwoblèm ki grav, tankou reyaksyon alèjik ki grav. Chans ki genyen pou yon vaksen koze gwo domaj, oswa menm lanmò, piti anpil.

Sa rive raman ke pwoblèm grav prezante apre yon moun pran vaksen kont grip la. Yo touye viris ki nan vaksen a-viris inaktive kont grip yo, pou anpeche w trape grip nan vaksen an.

**Pwoblèm ki pa grav:**

- doulè, woujè, oswa anflamasyon kote yo bay piki a
- vwa anwe; plè, zye wouj oswa kap grate; tous
- lafyèv • doulè

Si pwoblèm sa yo prezante, anjeneral yo kòmanse touswit apre piki a e yo dire 1 a 2 jou.

**Pwoblèm grav:**

- Reyaksyon alèjik ki ka mete lavi andanje rive raman. Si yo prezante, sa rive jeneralman apre kèlke minit oswa kèlke zè apre yo pran piki a.
- An 1976, te gen yon tip vaksen kont grip (grip pòsin) ki te asosye ak Sendwòm Guillain-Barré (GBS). Depi lè sa a, yo pa janm asosye klèman vaksen kont grip yo avèk GBS. Sepandan, si gen yon chans pou GBS mete pye akozde vaksen kont grip ki genyen aktyèlman yo, li pap prezante nan plis ke 1 oswa 2 ka sou milyon de moun ki vaksinnen yo. Risk la pi ba anpil pase risk pou moun trape grip grav, ke yo ka anpeche nan pran vaksen.

**7****E si gen yon reyaksyon ki grav ki manifeste ?****Ki sentòm pou m siveye ?**

Nenpòt kondisyon ki pa nòmal, tankou gwo lafyèv oswa chanjman nan konpòtman. Sentòm sa yo bay endikasyon ke gen yon reyaksyon alèjik ki grav: difikilte pou respire, vwa ki anwe oswa sifleman, itikè, po ki vin pal, feblès, kè kap bat vit oswa toudisman.

**Kisa m dwe fè ?**

- **Rele** yon doktè, oswa mennen moun ki gen sentòm sa yo kay doktè touswit.
- **Di** doktè a sak pase, ba l dat ak lè sa rive a, epi fè l konnen kilè yo te administre vaksen an.
- **Mande** moun ki ba w swen sante a pou l ranpli yon fòmilè Sistèm Rapò pou Reyaksyon Kontrè Vaksen (Vaccine Adverse Event Reporting System: VAERS), pou l sa rapòte reyaksyon an. Oswa ou ka soumèt rapò sa a atravè sit entènèt VAERS la nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov), oswa lè w rele nan 1-800-822-7967.

*VAERS pa bay konsèy medikal.*

**8****Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Domaj Vaksen Koze**

Gen yon pwogram federal ki egziste pou ede peye pou tretman nenpòt moun ap suiv poutèt yon reyaksyon grav li genyen apre li fin pran yon vaksen.

Si w bezwen plis enfòmasyon sou Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Domaj Vaksen Koze (National Vaccine Injury Compensation Program), rele nan **1-800-338-2382**, oswa vizite sit entènèt yo nan [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation).

**9****Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon ?**

- Mande moun ki ba w swen medikal la. Yo ka ba w feyè pou pakè vaksen an oswa yo ka sigjere lòt sous enfòmasyon.
- Rele depatman sante lokal oswa leta a.
- Kontakte Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention: CDC):
  - Rele nan **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Vizite sit entènèt CDC a nan [www.cdc.gov/flu](http://www.cdc.gov/flu)



DEPATMAN SANTE AK SÈVIS IMEN  
SANT POU KONTWÒL AK PREVANSYON MALADI  
Haitian Creole



Vaccine Information Statement (Interim) Inactivated Influenza Vaccine (Rapò Enfòmasyon sou Vaksen (Pwovizwa) Vaksen a-Viris Inaktive kont Grip (8/11/09) 42 U.S.C. §300aa-26

Translation provided by NYC Dept. of Education and NYC Dept. of Health and Mental Hygiene.